



Klamidya

Kisa klamidya ye?

Klamidya se yon Enfeksyon ki transmèt seksyèlman (STI oswa STD) ki koze pa yon bakteri. Se maladi kontajye yo rapòte pi souvan nan Boston. Klamidya trete jeneralman avèk yon dòz antibiyotik. Si klamidya rete san trete, li kapab lakòz pwoblèm sante ki grav anpil. Fanm yo kapab vin gen Maladi Anflamasyon nan Pèlvis (Pelvic Inflammatory Disease, PID), sa ki kapab lakòz enfètilite (pa kapab fè pitit). Klamidya kapab ogmante tou chans ou pou gen lòt maladi moun pran nan fè sèks, tankou VIH oswa blenoraji.

Kijan mwen ka trape klamidya?

Klamidya simaye atravè likid vajan oswa espèm pandan w ap fè sèks nan vajan, nan dèyè oswa nan bouch avèk yon moun ki enfekte. Klamidya ka transmèt tou de manman a yon tibebe pandan akouchman.

Ki sentòm klamidya genyen?

Pifò moun pa gen sentòm. Sentòm yo kòmanse apeprè 1-3 semèn apre w fin enfekte. Pou moun ki gen sentòm yo, sa ki pi komen yo se:

Pou Fi yo:

- Dechaj inabityèl (likid jòn oswa blanch) ki soti nan vajan l
- Doule ak/oswa brili lè l ap pipi oswa pandan l ap fè sèks
- Doule nan vant oswa nan do
- Senyen menm lè se pa peryòd li
- Nan enfeksyon ki pi grav yo, lafyè

Pou Gason yo:

- Dechaj inabityèl (likid epè blan oswa dlo) ki soti nan peni an
- Doule ak/oswa brili lè l ap pipi
- Sentòm ki mwen komen yo gen ladann:
- Santi w lou ak/oswa doule nan testikil yo
- Doule, anflamasyon oswa ozalantou skrotòm lan vin wouj

Gason ansanm ak fanm yo kapab vin enfekte tou avèk klamidya nan rektòm yo, swa lè yo resevwa sèks nan anis, oswa lè li simaye soti nan yon lòt pati ki enfekte (tankou vajan). Pandan enfeksyon sa yo pa lakòz sentòm souvan, yo kapab lakòz doule nan rektòm, dechaj oswa senyen.

SONJE: pifò moun ki gen klamidya pa gen sentòm!

Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte ka simaye klamidya?

Yon moun ka simaye klamidya bay lòt moun nan moman yo vin enfekte a (lè yo fè sèks ki pa pwoteje avèk yon patnè ki enfekte) jiskaske yo trete. Yon moun ka simaye klamidya menmsi li pa gen sentòm.

Kijan mwen ka chèche konnen si mwen gen klamidya?

Sèl fason pou konnen avèk sètitud si w gen klamidya se pou fè tès. Pou jwenn swen sante nan yon katye ki toupre ou, rele Liy Sante Majistra a nan nimewo **617-534-5050** oswa ale sou sitwèb

<http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx>.

Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi rekòmande ou fè tès klamidya chak ane pou:

- Tout gason ak fi ki seksyèlman aktif ki gen mwens pase laj 25 ane
- Moun ki gen pi gwo risk, sa gen ladann:
- Moun sa yo ki te fè sèks san pwoteksyon
- Moun sa yo ki te fè sèks avèk plizyè patnè oswa ki fè sèks avèk yon nouvo patnè

Ou ta dwe fè tès la tou si:

- Ou ansent
- 3 mwa apre tretman pou yon enfeksyon ki transmèt seksyèlman
- Chwa fwa ou gen yon nouvo patnè si w pa sèten sou sitiyasyon patnè a

Ki kote mwen ka al fè tès la?

Pifò founisè swen sante yo ofri tès pou klamidya ak lòt STI yo. Pou jwenn yon klinik sante nan katye ki toupre w, rele Liy Sante Majistra a nan 617-534-5050 (Liy Gratis: 1-800-847-0710) oswa vizite <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx>.

Èske klamidya ka trete?

Wi, klamidya ka trete fasilman. Yon senp dòz antibiyotik jeneralman trete klamidya. Al wè founisè swen sante w la ankò, si w toujou gen sentòm yo apre w fin pran medikaman ou. Tretman altènatif disponib si w fè alèji anjeneral avèk medikaman ki preskri yo.

Èske patnè mwen ta dwe pran tretman?

Wi. Patnè seksyèl resan yo dwe trete anvan ou fè sèks ankò. Ou ka pran klamidya an plizyè fwa, kidonk ou ka re-enfekte si w te fè sèks avèk yon patnè ki pa trete. Lwa Massachusetts pèmèt patnè pasyan yo ki gen klamidya pou yo trete san yo pa bezwen fè tès. Mande founisè swen sante w osijè de sa pandan vizit ou. Pou plis enfòmasyon, tcheke fèy enfòmasyon sou Terapi Akselere pou Patnè yo (Expedited Partner Therapy ki disponib nan www.bphc.org/STI).

Kisa k ap rive si klamidya pa trete?

Si li pa trete, klamidya ka koze yon pwoblèm sante ki grav anpil. Fi yo ka devlope maladi anflamasyon nan matris (PID), sa ki ka lakoz enfètilite (pa ka fè pitit). Klamidya ka ogmante chans pou gen lòt maladi ki transmèt seksyèlman, tankou VIH oswa gonore.

Fè sa ki annapre a pou limite risk pou genyen yon STI:

- Itilize yon kapòt an latèks oswa poliyiretan oswa baryè (baraj dantè) CHAK FWA w ap fè sèks nan dèyè, nan vajan ak/oswa nan bouch.
- Kapòt yo ki fèt avèk materyèl “natirèl” ka pwoteje kont gwosès men PA kont STI yo.
- SE SÈLMAN kapòt ki prevni STI yo oswa VIH, lòt fòm metòd kontwòl nesans yo PA PWOTEJE.
- Limite kantite patnè seksyèl ou yo – plis patnè ou genyen, se plis chans w ap genyen pou trape klamidya.
- Pale avèk patnè w sou estati STI yo epi al fè tès.
- Pale avèk founisè swen sante w sou sèks pwoteje epi al fè tès.
- Sonje ke dwòg ak/oswa alkòl ka fè w gen plis chans pou pa itilize yon kapòt si w ap fè sèks.
- Kontakte founisè swen sante w si w santi nenpòt sentòm.

Abstinans se mwayen ki pi sèten pou prevni STI ak gwosès.

